

1

✓ **Barundi barundikazi.**

✓ **Ncuti z'uburundi**

1. Hari mu kwezi kwa Kigarama umwaka w'**2000**, aho Inama nkuru y'Ishirahamwe mpuzamakungu kw'Isi yemeza icese ko igenekerezo rya **22 rusama** rigenwe kuba Umunsi mpuzamakungu wahariwe Ibinyabuzima. Intumbero nyamukuru kukaba ari ugutahuza ababa kw'isi ico ari co ibinyabuzima hamwe no kuzirikana uruhara rwavyo ku buzima bw'ikiremwa muntu.
2. Muri uno mwaka turimwo w'2017, Igihugu cacu kirifadikanya n'ayandi makungu muguhimbaza uwo musi aho icivugo mpuzamakungu kigira giti : «**Ibinyabuzima n'ubukera rugendo burama**».
3. Igihugu cacu gifite itunga rikomeye mu binyabuzima bw'ibikoko, hamwe n'ibinyabuzima bw'ibiterwa vyinshi bitaramenyekana. Muri kino gihe, ivyirwa vyakozwe ku gihugu cacu n'abahinga vyerekana ko dufise ubwoko bugera ku **7.038** bugizwe n'**4.798** bw'ibinyabuzima bw'ibikoko hamwe rero n'ibinyabuzima bw'ibiterwa bigera ku **2.240**. Ivyo vyirwa bibandanya vyerekana ko ubwoko bugera kuri **60 bw'ibiterwa vy'ishamba** bifungurwa hano mu burundi, nayo ubwoko bw'ibizinu bugera kuri **50** tubusanga mu nfungurwa dufungura ku musi ku musi. Babandanya batwerekako ubwoko bugera kuri **400 bw'ibiterwa kama** buvamwo imiti y'ikirundi

abarundi bashobora kwivurisha. Ikiyaga ca Tanganyika n'izindi nzuzi ziri hafi yaco gifise amoko y'amafi agera kuri **26** aho gitunze imiryango igera ku **300.000** bakora mu gisata c'uburovyi.

2

✓ **Barundi barundikazi.**

✓ **Ncuti z'uburundi**

4. Ntawokwirengangiza uruhara ntangere rw'ibinyabuzima hamwe n'ibidukikije ku **mibereho yacu**, ku **magara yacu**, ku **nfungurwa biduha**, ingene **bikingira ibidukikije**, bifasha mu **bushakashatsi**, mu **kudukingira imyuzurira** hamwe n'ibiza, bituma **amashamba amera neza** hamwe rero n'ukungene **biteza imbere itunga ry'igihugu**. Ivyo binyabuzima bifite kandi **uruhara mw'iterambere ry'ubukerarugendo**.

5. Muri kino gihe, ibinyabuzima bibandanya bitosekazwa mbere bimwe muri vyo bikazimangana amazimayongo, ivyo bikaba biterwa ahanini n'ibikorwa vy'abantu mu **guhonya amashamba, uburimyi** bukorerwa ahaba ivyo binyabuzima, **uruhigi, imiriro, umurindi munini w'irwirirana ry'abantu** utuma basatira amashamba hamwe rero n'ihindagurika ry'ibihe.

6. Hano mu gihugu cacu, ibikorwa bijanye n'ihimbazwa ry'uwo musi bikaba vyatanguye kw'igenekerezo rya **17 rusama**, ivyo navyo

bikaba vyatangujwe n'ibikorwa vy'ihanahana ry'ivyiyumvira hagati y'abahinga n'abari mu nzego zitandukanye z'igihugu ku **vyokorwa vyotuma ibinyabuzima bikingirwa** hamwe n'**ukungene vyogirira akamaro igihugu**. Muri ico kiringo nyene, twaratunganije kandi ibiganiro ku banditsi n'abamenyeshamakuru, tubicishije ku maradiyo no ku mboneshakure vy'igihugu, aho twasiguriye abarundi bose **ivyo ari vyo ibinyabuzima, akamaro bidufitiye, ibibitosekaza** hamwe rero n'**uruhara** rw'umwe umumwe wese mu gubingira ku neza yiwe n'iyabiwe.

7. Ibirori bijanye n'uwo musi bikaba bizoba ejo aho bukera kw'**igenekerezo rya 22 rusama** hariya mu bigo bikingiwe vya **Kigwena** na **Vyanda** mu ntara za **Rumonge** na **Bururi**. Muri ivyo bigo uko ari bibiri, hakaba hibonekeza ibikorwa biteye akoba n'amakenga bibangamira ibinyabuzima bihari biteye igomwe nk'**imanfu, inguge** n'ibindi, bishobora kuzimangana atagikoze mu maguru masha.

**Ni harambe ibikorwa vyo gukingira ibinyabuzima!**

**Ni harambe ubufashanya mpuzamakungu!**

**Murakoze!**